

Sipleman Aplikasyon Lisans pou Enstitisyon Sipèvizyon Muay Thai

Aplikasyon ou pou Lisans Enstitisyon Sipèvizyon Otorize pou Espò Konba (Combative Sport Authorized Entity License) pou **Muay Thai** dwe gen ak/oswa satisfè prensip minimòm ki endike anba la yo epitou sipleman aplikasyon ou yo dwe montre prensip minimòm ki endike anba la yo:

1. Prensip pou bokse admisib, apwobasyon ak refi pou match
2. Prensip zòn konpetisyon ki apwouve (dimansyon, konstwiksyon, elatriye) ak enspeksyon anvan batay.
3. Prensip pou vlope men, metòd ki apwouve, materyèl yo ak entèdiksyon yo
4. Prensip pou gan, materyèl apwouve, enspeksyon, konstwiksyon konbatan, elatriye.
5. Prensip pou itilizasyon pomad (sibstans ki pa Vaseline ak Namman Muay entèdi)
6. Prensip pou metòd pou bay eskò ak desizyon sou match
7. Prensip pou preparasyon ki apwouve pou sispann emoraji
8. Prensip pou sispannyon, peryòd rekiperasyon obligatwa pou konbatan ak ranfòsman
9. Prensip pou entèdi nenpòt konbatan patisipe nan yon evènman pandan li anba sispannyon
10. Prensip pou entèdi match ant konpetitè gason ak fanm
11. Prensip pou pèmèt rityèl Anvan Batay
12. Prensip pou direktan rawonn oswa direktan konba pou chak kategori oswa divizyon
13. Prensip pou diferans maksimòm akseptab nan gwosè pou chak kategori gwosè
14. Prensip pou apwobasyon konba pwa kapti
15. Prensip pou kategori pwa, divizyon ak gwoup laj defini
16. Ant moman meziraj gwosè ak kòmansman konpetisyon an, diminyon gwosè ki depase 1% pa akseptab.
17. Prensip minimòm pou konba pwofesyonèl Muay Thai gen ladan sa ki anba la a:
 - a. **Kou avèk tèt**
 - b. **Kou avèk koud-bra ki pwente anba** - *gen entèdiksyon pou plafon jouk nan planche oswa 12 a 6 kou avèk koud-bra*
 - c. **Kou nan lènn** - *kou nan zòn lènn/anba tivant jis anba lonbrik la ki rele "neb" ("zòrèy") akseptab. Gen entèdiksyon pou kou nan testikil (zòn kre)*
 - d. **Atak dirèk nan jenou** - *kou sou kote nan devan janm yon konbatan ilegal*
 - e. **Kou nan dèyè tèt (kou nan dèyè kou a)**
 - f. **Kou nan kolòn vètebral**
 - g. **Kou nan gòj**
 - h. **Frape yon opoze ki tonbe atè**
 - i. **Si ou pa obeye kòmman abit la**
 - j. **Si ou bay yon opozan kou pandan abit la oswa doktè ap pran swen li**
 - k. **Si ou pouse, jete, oswa frape yon opozan sof lè ou pouse li nan yon anlasman legal**
 - l. **Si ou frape lè Abit la mande yon repo**
 - m. **Si ou frape apre klòch la sonnen**
 - n. **Si ou kenbe kòd yo oswa si ou itilize kòd yo kòm yon zam** - *si ou poze figi yon opozan nan kòd yo nan efò pou blese li se yon bagay ilegal*
 - o. **Timidite oswa si ou evite kontak avèk entansyon ou**
 - p. **Itilizasyon langaj gwosye oswa jès abizif**
 - q. **Si ou lakòz reta avèk entansyon ou tankou ou lage pwoteksyon bouch ou atè souvan**
 - r. **Arachman zye**
 - s. **Redi cheve**
 - t. **Si ou mòde oswa krache**
 - u. **Si ou kenbe chòt opozan an**
 - v. **Entèferans nan kwen konbatan yo**
 - w. **Si ou fè yon opozan tribiche oswa si ou pouse li** - *li egal pou frape yon opozan lwen pye li. Nan Muay Thai yo konsidere yon kou kòm yon aksyon ki itilize anlè pye ak/oswa devan manton an. Li posib pou pran pye a epi pou frape li toutotan anlè pye a ak/oswa manton an, pa bò pye a, pran kontak avèk janm opozan an*
 - x. **Lanse hanch, lanse zèpòl oswa lanse pye**
 - y. **Si ou ponyen senti opozan an pandan w ap fòse kolòn vètebral yon opozan detire twòp**
 - z. **Si ou fè espre pou lage kò ou sou yon opozan pou peze yon koud-bra oswa jenou ou sou li**
 - aa. **Si ou frape, kle dlo oswa bra, oswa nenpòt jido sanblab oswa pozisyon lit**
 - bb. **Si ou leve oswa lanse yon opozan nan twal bach la**
 - cc. **Si w ap eseye "pile drive" ("pilonnen") tèt yon opozan nan twal bach la**
 - dd. **Si w ap bloke kou yon opozan epi si w ap pouse yon opozan pou PLIS pase twa pa san ou pa eseye bay yon teknik atak** - *li akseptab pou bloke kou opozan ou yo, pou kenbe janm opozan an epi pou fè twa pa*

Sipleman Aplikasyon Lisans pou Enstitisyon Sipèvizyon Muay Thai

- ee. I Li entèdi pou fè espre pou tonbe nan twal bach la lè ou pran kou yon konbatan entèdi - *yo konsidere sa tankou w ap pran avantaj sou opozan an*
- ff. Si ou mache sou yon opozan ki tonbe

18. Prensip minimòm pou fot pou Muay Thai Amatè (anplis tout fot prensip minimòm pou Muay Thai Pwofesyonèl) dwe gen ladan sa ki endike anba la yo:

a. Divizyon Amatè Debitan (de oswa mwens batay)

- Kou nan tèt avèk koud-bra entèdi
- Kou nan tèt avèk jenou entèdi
- Ou ka mete pwoteksyon tèt, pwoteksyon manton, tanpon pou zèpòl ak pwotektè kò

b. Divizyon Amatè Avanse (twa oswa plis batay)

- Kou avèk zèpòl avèk tanpon nan tèt entèdi
- Kou nan tèt avèk jenou entèdi

19. Lè nou apwouve aplikasyon an preyavi sou omwen 10 jou ba Komisyon Espòtif Eta New York (New York State Athletic Commission) obligatwa anvan konpetisyon, konba oswa demonstrasyon.